

18

jen

Mete tout konfyans ou nan Senyè a. Pa gade sou sa ou konnen. Toujou sonje Senyè a nan tout sa w ap fè. Li menm, la montre ou chemen pou ou pran.

Pwovèb 3. 5, 6

Remèt kò ou nan men Senyè a ! Mete konfyans ou nan li, la ede ou. Sòm 37. 5

Si m echwe...

Devan pòt yon sant egzamen, etidyan yo fè pil. Apre yo te fin travay di, jodi a yo vin pou pase “konkou” a, objektif efò yo. Kandida yo anpil, men se sèl kèk grenn y ap pran.

Pandan y ap tann yo rele yo, kèk nan yo ap diskite :

– Women di : lè m reflechi tout lavni m repoze sou lè sa yo k ap vini la, do m frèt.

– Yon lòt etidyan reponn : M mize tout bagay sou konkou sa. Si m echwe... Non, m pap menm eseye panse sa.

– Yon lòt ki te double reponn : Mwen si m echwe, m pa gen okenn avni ankò.

Lik t ap koute kamarad li yo an silans. Li menm tou li te travay di. Maten an, li panike tou tankou tout moun. Men Lik se yon kretyen, donk eta lespri li diferan. Li te byen prepare, men li te remèt Bondye Papa a rezilta efò li yo. “Si m echwe ?” Ebyen, Lik konnen Bondye kapab fè tout bagay travay – tout bagay, donk petèt yon echèk tou – pou byen li (Women 8. 28).

Jèn kretyen, gade tankou yon eksperyans itil ki pa tankou tout lòt, lè w ap travèse moman ensèten sa yo ak Bondye. Piga ou bliye nonplis vrè objektif lavi ou, avni selès ou a, ki deja asire pou ou. Ala sa depaman ak moun ki pa gen esperans ! Nou te aprann pou nou travay pou nou reyisi, yon etap nan lavi nou sou latè. Se pou sa ede nou pou nou konsakre nou bay Kris la, pou nou renmen li plis, pou nou konnen li, suiv li epi sèvi li.

18 juin

Confie-toi de tout ton cœur à l'Éternel, et ne t'appuie pas sur ton intelligence; dans toutes tes voies connais-le, et il dirigera tes sentiers. Proverbes 3. 5, 6

Remets ta voie sur l'Éternel, et confie-toi en lui.

Psaume 37. 5

Si je rate...

Devant les portes du centre d'examen, les étudiants se pressent. Après avoir travaillé dur, ils viennent passer aujourd'hui "le concours", but de leurs efforts. Les candidats sont nombreux, mais très peu seront pris.

En attendant qu'on les appelle, certains discutent :

– Quand je pense que tout mon avenir va se jouer dans les heures qui viennent, j'ai froid dans le dos, gémit Romain.

– J'ai tout misé sur ce concours. Si je rate... Non, je n'ose même pas y penser... marmonne un autre étudiant.

– Moi, si je rate, je n'ai plus d'avenir, déclare un redoublant.

Luc écoute ses camarades en silence. Lui aussi a travaillé dur. Il est stressé ce matin, comme tout le monde. Il aimerait bien réussir. Mais Luc est chrétien, et son état d'esprit est différent. Il s'est bien préparé, mais il a remis à Dieu son Père l'issue de ses efforts. "Si je rate ?" Eh bien, Luc sait que Dieu fait travailler toutes choses – toutes, donc aussi un échec éventuel – pour son bien (Romains 8. 28).

Jeunes croyants, estimez comme une expérience particulièrement utile de traverser ces moments d'incertitude avec Dieu. N'oubliez pas non plus le vrai but de votre vie, votre avenir céleste, qui vous est déjà assuré. Quel contraste avec ceux qui n'ont pas d'espérance ! Vous avez appris à vous mobiliser pour réussir une étape de votre vie sur la terre. Que cela vous aide à vous consacrer au Christ, à mieux l'aimer, le connaître, le suivre et le servir.